



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISYON KI OTORIZE POU FABRIKE AK VANN KRÈM GLASE AK DESÈ JELE KI FÈT AK ALKÒL

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S7013/A8732) ki otorize pou fabrike ak vann krèm glase ak lòt desè jele ki fèt avèk alkòl nan Eta New York. Lejislasyon an ap ede pwodiktè letye New York yo, pwodiktè bwason alkòl ak bwason atizanal, transfòmasyon ak fabrikasyon pwodwi letye, detayan pwodwi alimantè ak restoran yo satisfè demann konsomatè k'ap ogmante pou nouvo pwodi ak pwodwi inovatè sa yo.

"Endistri bwason atizanal la te fè eksperyans kwasans eksplozif nan New York, sa ki lakoz responsablite pou avanse règleman ki ede asire vyabilite alontèm, pwoteje konsomatè yo ak bay kiltivatè yo opòtinite pou ogmante biznis yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lejislasyon sa a pral kontinye devlope yon endistri k'ap boujonnen ak ranfòse ti biznis yo pandan y'ap ede yo mete yo sou yon chemen kwasans soutni ki ranfòse alafwa pwodiktè ak konsomatè yo."

Mezi a ta limite pousantaj alkòl nan krèm glase aki pa plis pase 5 pousan alkòl pa volim, e li ta egzije menm pwodwi etikèt ak deklarasyon avètisman ki menm jan ak patisri ki gen diven, byè oswa sid.

Senatè Rachel May te deklare, "Nouyòkè yo deja kapab jwi yon fason responsab krèm glase ki gen byè, diven, ak sid. Gras a pwojè lwa sa a, kounye a founisè yo pral kapab ofri kliyan yo yon lòt savè delisye. Lejislasyon sa a pral ede endistri letye New York ak endistri bwason alkòl ak bwason atizanal an menm tan an. Mwen trè rekonesan paske Gouvènè a siyen li pou fè li vin yon lwa, e mwen pa ka tann pou mwen pataje kèk krèm glase ki gen erab boubon avèk li nan Fwa Eta ane pwochèn!"

Manm Asanble Donna Lupardo te di, "Pwojè lwa sa a ogmante sou siksè aplis diven, byè ak sid nan kèk espesyalite krèm glase. Nenpòt ki lè nou ka pèmèt fèmeye ak pwodiktè apwodwi letye nou yo ajoute yon pwodwi ki popilè pou konsomatè yo, li bon pou biznis epi li bon pou touris. Distilri nou yo espesyalman plen antouzyas konsènan potansyèl likè NY nan krèm glase NY".

Rekonèt valè fabrikasyon atizanal yo genyen pou pa sèlman pwòp biznis yo men tou pou tout ekonomi Eta a, Gouvènè Cuomo te travay pou kreye nouvo lisans, modènize lwa yo, relache règleman yo, redui taks, elimine frè epi kòmanse kanpay pwomosyonèl inovatif pou rann li pi fasil pou kòmanse ak devlope nouvo biznis fabrikasyon atizanal

yo. Depi premye somè Gouvènè a sou diven, byè ak alkòl, kantite lisans eksplwatasyon yo te ogmante rive plis pase 190 pousan, apati 282 nan Oktòb 2012 rive 823 jodi a.

Kounye a New York klase pami senk pi bon eta yo nan Etazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen nan chak kategori. Eta a klase premye nan Etazini pou kantite pwodiktè sid yo, dezyèm pou kantite gildiv atizanal, brasri, ak katriyèm nan peyi a pou kantite total kav diven yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)